

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode Panalungtikan

Méthode nya éta cara-cara, stratégi paham kana réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngaréngsékeun hiji masalah (Ratna, 2004:34). Dina ieu panalungtikan méthode nu digunakeun nya éta méthode déskriptif analis maké téhnik survéy, ngarekam, wawancara, jeung analisis data. Ari méthode déskriptif digunakeun pikeun:

- 1) Ngumpulkeun informasi faktual kalawan rinci jeung ngagambarkeun gejala-gejala nu aya;
- 2) Ngaidéntifikasi masalah-masalah nu aya ayeuna;
- 3) Nangtukeun sagala rupa nu bisa dicokot atawa kumaha implikasina tina pangalaman pikeun ngararancang kaputusan di masa nu bakal datang.

Ieu méthode dipaké pikeun meunangkeun gambaran nu sajas-jelasna ngeunaan pupujian masarakat Karangpawitan Garut.

Méthode déskriptif dipaké pikeun ngagambarkeun gejala-gejala, peristiwa, kajadian nu kapanggih nalika panalungtikan lumangsung kalawan medar hal-hal nu jadi puseur dina objék éta panalungtikan. Satuluyna dianalisis sangkan meunangkeun pedaran nu leuwih jero ngeunaan struktur jeung ajén moral nu aya dina pupujian masarakat Karangpawitan Garut.

Data nu didéskripsikeun maké cara nuduhkeun fakta-fakta nu aya hubunganana atawa ngajelaskeun struktur jeung ajén moral nu aya dina pupujian masarakat Karangpawitan Garut.

3. 2. Téhnik Ngumpulkeun Data

Keur ngumpulkeun data pupujian nu kaasup kana golongan tradisi sastra lisan, digunakeun métode panalungtikan di tempat atawa *field method*. Ieu métode nurutkeun Danandjaja (1994:185) kagiatanana dibagi tilu tahap, nya éta: (1) Tahap prapanalungtikan di tempat; (2) Tahap panalungtikan di tempat; (3) Tahap nyieun naskah sangkan bisa diarsipkeun.

Nengetan pamadegan Danandjaja diluhur, perlu ditangtukeun léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data, diantaranaa:

- (1) Nangtukeun daérah nu rék dijadikeun tempat panalungtikan, nya éta daérah Karangpawitan Garut;
- (2) Nyiapkeun alat-alat nu rék dipaké keur panalungtikan, nya éta: alat pangrekam, alat tulis, jeung pedoman wawancara;
- (3) Satuluyna survéy jeung wawancara pikeun meunangkeun data;
- (4) Ngaanalisis data hasil tina prosés panalungtikan.

3.3. Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu dipake dina ieu panalungtikan nya éta alat pangrekam, pedoman wawancara, jeung tabél analisis. Alat pangrékam tujuanana nya éta ngadokuméntasikeun hasil ngumpulkeun data. Ari pedoman wawancara tujuanana pikeun ngumpulkeun data. Alesan pangana digunakeun sistem tabél nya éta sangkan gampang dina nganalisis data, sarta gampang nyieun kacindekan ngeunaan struktur puisi nu aya patalina jeung ajén moral anu aya dina Pupujian masarakat Karangpawitan Garut.

3.4. Téhnik Analisis Data

Sangkan leuwih gampang ngaanalisis jeung ngainterpretasikeun struktur jeung ajén moral nu aya dina pupujian, léngkah-léngkah nu digunakeunana diantarana:

- 1) Nangtukeun struktur jeung ajén moral nu aya dina pupujian masarakat Karangpawitan Garut;
- 2) Ngaanalisis jeung nangtukeun ciri tradisi lisan nu aya dina pupujian masarakat Karangpawitan Garut;
- 3) Ngadéskripsikeun hasil analisis ku cara ngajelaskeun dina wangun tabél hasil analisis.

3.5 Populasi jeung Sampel

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh puisi pupujian nu aya di wilayah Karangpawitan Garut. OpatPuluhSalapan (49) judulpupujian nu jadi sampel dina ieu panalungtikan.

3.6 Léngkah-lengkah Ngagarap Tésis

3.6.1. Tatahar

- 1) Nangtukeun judul jeung objék panalungtikan;
- 2) Ngumpulkeun tiori-tiori nu aya hubunganana jeung objék panalungtikan;
- 3) Ngasongkeun usulan panalungtikan; jeung
- 4) Konsultasi jeung dosén pembimbing.

3.6.2. Ngolah Data

- 1) Ngadéskripsikeun pupujian;
- 2) Ngadéskripsikeun ajén moral dina pupujian;
- 3) Ngadéskripsikeun ciri tradisi lisan dina pupujian;
- 4) Konsultasi jeung dosén pembimbing;

3.6.3. Nyusun laporan

Hasil tina panalungtikan ngeunaan struktur puisi nu aya hubunganana jeung ajén moral téh disusun dina wangun tésis.

